



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 2 desanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SUNY AP ADOPTE YON SISTÈM RÈGLEMAN INIFÒM KONPREYANSIF
GLOBAL AGRESYON SEKSYÈL POU TOUT 64 KANPIS YO**

***Règleman gen ladan viktim vyolans seksyèl / sivivan deklarasyon dwa ak definisyon inifòm
konsantman***

Nouvo sitwèb ki te lanse a bay elèv ak kominote yo zouti adisyonèl ak resous

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Inivèsite Eta New York (SUNY) te adopte yon prevansyon inifòm sou agresyon seksyèl ak règleman repons pou kanpis SUNY yo. Règleman konpreyansif la, sa ki aplike a plis pase 463,000 etidyan ki frekante tout kolèj ak inivèsite SUNY yo, te disemine jodia a chak prezidan kanpis ak ofisyèl anchèf afè etidyan pou aplikasyon.

Règleman an se youn nan premye kalite nan peyi a e li pral kreye yon anviwonman ansèyman ak lavi pou etidyan yo nan dekri atant spesifik ak konsistan sekirite ak responsabilite.

“Jodia, SUNY ap pran yon etap enpòtan nan direksyon pou konbat epidemi vyolans seksyèl ak move kondwit sou kanpis kolèj nou yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè yo aplike yon règleman prevansyon inifòm sou agresyon seksyèl, nap pi byen pwoteje etidyan nou yo ak kominote nou yo epi etabli yon egzanp pou lòt lekòl ak eta yo swiv. Mwen aplodi Konsèy administrasyon SUNY ak chanselye Zimpher pou lidèchip yo sou kesyon sa a ansanm avèk angajman kontinyèl yo pou konbat pou etidyan New York yo.”

Règleman inifòm SUNY sou agresyon seksyèl se yon rezilta de yon [rezolisyon](#) ki te pase pa konsèy administrasyon SUNY nan dat 2 oktòb 2014 an repons a [demann Gouvènè Cuomo's](#) pou kreye tout yon seri sistèm global pratik inifòm pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo. Règleman an te elabore pandan de dènye mwa ki sot pase yo an konsiltasyon avèk lidèchip SUNY ak gwoup travay pa moun ki gen enterè ekstèn ak ekstèn.

Anplis de anonse règleman an, Gouvènè a te lanse jodia yon nouvo sitwèb ki bay enfòmasyon enpòtan osijè prevansyon agresyon seksyèl ak repons sou kanpis kolèj yo nan yon fòm ki aksesib pou etidyan, paran, administratè ak lapolis. Spesifikman, sitwèb la bay resous pou etidyan yo aprann fason yo ka pwoteje tèt yo epi chèche èd lè sa nesesè, epi jwenn done osijè tout agresyon seksyèl ak krim vyolan ki

rapòte sou tout kanpis kolèj yo kap fonksyone nan Eta New York. Yo rapòte done a bay deptman Edikasyon Etazini. Ou ka jwenn aksè a sitwèb la nan <http://www.campuscrime.ny.gov>.

Prezidan Konsèy Administrasyon SUNY H. Carl McCall te deklare, “Inivèsite Eta New York kounye a gen règleman ki pi konplè, ki santre sou viktim agresyon seksyèl nan nenpòt kanpis kolèj oswa sistèm edikasyon siperyè nan peyi a. Grasa entèvenan nou yo sou kanpis ak nan kominote yo nan New York ki te enfòm sou diskisyon nou yo e finalman te elabore règleman final yo ak deklarasyon dwa sou viktim/sivivan. Mwen gen konfyans ke sa pral amelyore kapasite SUNY pou l adrese pi efikasan ensidan agresyon seksyèl epi asire sekirite etidyan nou yo.”

Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare, “Pi gwo priyorite SUNY se pou pwoteje etidyan nou yo epi favorize anviwonman aprantisaj sou kanpis kolèj ak inivèsite nou yo. Nouvo règleman SUNY sa yo solid e yo akse sou konsansis, ak konpreyansyon, e mwen felisite Gouvènè Cuomo ansanm avèk Konsèy administrasyon an paske yo te fikse estanda pou SUNY sou travay enpòtan nan redefini règleman sou agresyon seksyèl li epi pozisyon sistèm nou an pou defini yon modèl pou kolèj ak inivèsite yo nasyonalman.”

Lori Mould, Prezidan Asanble Etidyan SUNY ak yon manm nan konsèy administrasyon an, te deklare “etidyan SUNY yo aplodi repons konpreyansif ak rapid Gouvènè Cuomo, Konsèy administrasyon SUNY, ak chanselye Zimpher nan adrese bezwen pou rezive règleman agresyon seksyèl ki pral echelone kanpis nou yo nan eta. Yo te elabore règleman sa yo non sèlman avèk etidyan yo nan lespri men avèk patisipasyon etidyan yo nan chak etap nan pwosesis la. Nou fyè dèske SUNY pral dirije chemen an nasyonalman nan pwoteje etidyan yo nan sa ki te vini yon evènman twò souvan. Mwen remèsye Gouvènè a paske li te travay avèk SUNY pou asire ke yo te mete pwoteksyon yo anplas pou etidyan nou yo kidonk nou ka konsantre sou aprantisaj epi vini sitwayen ki pi byen prepare pou eta nou an.”

Direktè Egzekitif SurvJustice, Laura Dunn, J.D., te deklare, “Antanke yon viktim e yon avoka, mwen enpresyone anpil avèk nouvo règleman SUNY osijè règleman sou agresyon seksyèl nan kanpis yo. Règleman sa yo alafwa konpatisan anve sivivan yo e yo konfòm avèk lalwa federal - yon balans ke yon ti kantite sistèm kolèj te touche jiska dat. Mwen antisipe ke règleman sa yo ap vini yon modèl pou anpil kanpis kolèj ak inivèsite ale delavan.”

Prezidan SUNY Potsdam Kristin G. Esterberg te deklare, “Kominote SUNY Potsdam fyè anpil sou anons Gouvènè Cuomo jodia ke Inivèsite Eta New York te etabli premye règleman konpreyansif nan tout eta pou konbat agresyon seksyèl nan kolèj. Mwen onore anpil difèt ke yo te mande m pou m sèvi nan gwoup travay la bò kote ansyen SUNY Potsdam Ryan Minsker, youn pami anpil etidyan Potsdam ki te kanpe pou sòlve konsyantizasyon osijè agresyon seksyèl nan kanpis yo. Lidèchip etidyan ak angajman pral kontinye pou l esansyèl nan aplikasyon mezi revolisyonè sa yo sou chak kanpis nan tout sistèm SUNY an.”

Dr. Steve Tyrell, Prezidan kolèj kominotè North Country e yon manm nan gwoup travay la, te deklare, “Edikasyon siperyè te fè anpil pwogrè nan avanse pi bon pratik nan devlopman politik ak aplikasyon efikas pwosedi pou adrese vyolans seksyèl pandan dènye deseni ki sot pase a. Anpil nan pratik sa yo abite nan kolèj nou yo jodia. Gwoup travay la te devlope règleman ak pwosedi yo ki montre pi bon pratik

sa yo e pwochen aplikasyon yo prale yon long chemen pou avanse sekirite ak byennèt etidyan nou yo toupatou nan SUNY.”

Tout etidyan ki nan premye ane ansanm avèk etidyan ki transfere nan SUNY pral okouran osijè règleman sou agresyon seksyèl, ke ou kapab jwenn okonplè [la](#). Pwen esansyèl nan règleman sa gen ladan:

- **Definisyon Inifòm sou Konsantman:** Règleman gen ladan yon adopsyon inifòm nan echèl global pou defini konsantman afimatif kòm yon antant klè, san ekivòk ak volontè ant patisipan yo pou angaje nan aktivite seksyèl spesifik. Definisyon inifòm la se sa ki annaprè a:

“Konsantman afimatif se yon antant volontè ak enfòm, ki koni, san ekivòk ak klè ant patisipan yo pou angaje nan aktivite seksyèl. Konsantman an aktif, pa pasif. Silans oswa mank rezistans pa kapab entèprete kòm konsantman. Chèche epi jwenn konsantman aksepte se responsabilite moun lan (yo) kòmanse chak aksyon seksyèl spesifik keseswa moun ki te kòmanse aksyon an anba enfliyans dwòg ak/oswa alkòl. Konsantman a nenpòt aksyon seksyèl oswa anvan aktivite seksyèl konsansyèl ant oswa avèk nenpòt pati pa konstitye konsantman a nenpòt lòt aksyon seksyèl. Definisyon konsantman pa varye baze sou sèks yon patisipan, oryantasyon seksyèl oswa ekspresyon seksyèl. Yo te ka bay konsantman okòmansman epi retire l a nenpòt kilè. Lè yo retire konsantman oswa yo pa ka bay li, yo dwe sispann aktivite seksyèl la. Yo pa ka bay konsantman lè yon moun enkapab. Enkapasite rive lè yon moun manke kapasite pou plènman, an tout konesans chwazi pou patisipe nan aktivite seksyèl. Enkapasite gen ladan pwoblèm akòz dwòg oswa alkòl (si kalite itilizasyon sa volontè oswa envolontè), manke konsyans oswa te nan dòm, yo te kenbe w envolontèman, si nenpòt nan pati yo anba laj 17 ane oswa si yon moun otremman pa kapab konsanti. Yo pa ka bay konsantman lè li se rezilta nenpòt kontrent, entimidasyon, fòs, oswa menas pou fè mal.”

- **Règleman Inifòm Amnisti pou Ankouraje pote rapò:** Etidyan yo ki pote rapò agresyon seksyèl oswa lòt vyolans seksyèl yo benefisye iminite pou vyolasyon itilizasyon dwòg ak alkòl.
- **Fòmasyon konpreyansif nan tout eta pou lapolis kanpis ak administratè kolèj yo:** SUNY, ap travay avèk eta, pral fè fòmasyon ki kowòdone nan tout eta avèk tout kanpis SUNY yo, enkli fòmasyon pa Lapolis SUNY ak lapolis Eta pou sekirite sou kanpis yo nan pi bon pratik pou planifye sekirite sou kanpis yo ak sansibilite viktim, ansanm avèk fòmasyon pa avoka SUNY pou administratè kolèj ak adjidikatè yo sou prevansyon ak adrese vyolans seksyèl ak fason pou amelyore konfòmite avèk lwa federal yo ki egziste deja. Tout kanpis SUNY yo pral enstore fòmasyon inifòm pou etidyan yo nan tout oryantasyon premye ane a. Polis SUNY pral kòmanse fòmasyon tout polis kanpis yo ak ofisye sekirite piblik yo mwa sa a.
- **Kanpay Sansibilizasyon Piblik nan Tout Eta:** SUNY pral antreprann yon seri kanpay sansibilizasyon piblik nan tout eta, kowòdone avèk Eta, pou ogmante sansibilizasyon pami etidyan kolèj yo, etidyan lekòl segondè, ak paran, teknik sekirite ak prevansyon ansanm avèk enpòtans entèvansyon spektatè nan nenpòt sitiyojan danjere.
- **Konfidansyalite Inifòm ak Pwotokòl pou rapòte pou tout Kanpis SUNY yo:** Pou asire ke tout kolèj yo ap swiv pi bon pratik e menm seri standa ak pwotokòl yo anplas nan chak kanpis, tout kanpis SUNY yo pral adopte yon laj sistèm inifòm konfidansyalite ak pwotokòl pou rapòte.

Konfidansyalite inifòm ak pwotokòl pou rapòte pral ankouraje notifikasyon rapid ak presiz pou rapòte zak atak seksyèl, ede kominote kanpis la pou reponn rapidman a akizasyon atak seksyèl, epi asire ke etidyan yo gen enfòmasyon presiz atan osijè resous konfidansyèl ki disponib.

- **Evalyasyon Inifòm Klima Kanpis:** Tout kanpis SUNY yo pral fè evalyasyon sou klima nan fason pou yo evalye prevalans atak seksyèl sou kanpis yo, teste atitud etidyan yo ak sansibilizasyon sou kesyon an, ak bay kolèj/inivèsite yo enfòmasyon pou ede yo fòme solisyon pou adrese ak prevni atak seksyèl nan ak andeyò kanpis la.

Règleman sou agresyon seksyèl SUNY egalman kreye yon **Deklarasyon Dwa sou vyolans seksyèl Viktim/Sivivan** ki spesifikman enfòme viktim agresyon seksyèl la sou dwa yo genyen pou pote rapò sou agresyon seksyèl bay lapolis lokal, sou kanpis la oswa lapolis eta. Règleman SUNY egalman montre kijan pou jwenn aksè a resous viktim spesifik-kanpis, sa gen ladan jwenn yon entèdiksyon / òdonans no kontak ak konsèy, sèvis sipò jiridik ak sante. Yo pral mete tout etidyan yo okouran sou deklarasyon dwa nan oswa anvan nouvo trimès janvyè 2015. Deklarasyon Dwa Viktim vyolans seksyèl / sivivan gen ladan dwa pou:

- Gen divilgasyon vyolans seksyèl trete seryezman.
- Pran yon desizyon osijè si wi oswa non pou divilge yon krim oswa ensidan epi patisipe nan kondwit oswa pwosesis jistis kriminèl san presyon eksteryè otorite yo onivo kolèj la.
- Trete avèk diyite epi pou resevwa koutwazi nan men otorite kolèj yo, swen sante avèk respè ak ekite ak sèvis konsèy.
- Lib de nenpòt sijesyon ke viktim /sivivan anfot lè yo komèt krim ak vyolasyon, oswa yo ta dwe aji nan yon fason diferan pou evite kalite krim sa.
- Dekri ensidan bay tankou kèk moun ke posib e pa egzije pou repete yon deskripsyon ki pa nesesè sou ensidan an.
- Pa dwe gen vanjans ki soti nan Kolèj la, akize a, ak/oswa zanmi yo, fanmi ak konesans yo.
- Egzèsè dwa sivil epi pratike relijyon ou san entèferans sou ankèt, jistis kriminèl oswa pwosesis kondwit Kolèj la.

Prevansyon agresyon seksyèl SUNY ak repons règleman se plan ki trase pa Gouvènè a pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo. Gouvènè a angaje pou kontinye travay pou adopte menm standa lejislativman pou tout kolèj ak inivèsite New York yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvel nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride

Haitian Creole